

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Méthode Panalungtikan

Méthode nya éta cara utama nu digunakeun pikeun ngahontal tujuan (Surakhmad, 1985:131). Dina ieu panalungtikan, méthode nu digunakeun nya éta méthode déskriptif analisis, sabab digunakeun pikeun:

- 1) ngumpulkeun informasi faktual kalawan rinci jeung ngagambarkeun gejala-gejala anu aya dina buku;
- 2) ngaidéntifikasi masalah-masalah anu aya dina buku;
- 3) nangtukeun sagala rupa nu bisa di cokot atawa kumaha implikasina tina pangalaman pikeun ngarancang kaputusan dina mangsa nu bakal datang.

3.1.2 Téhnik Panalungtikan

Nurutkeun Ratna (2004:37) téhnik asal tina kecap *teknikos*, basa Yunani, nu hartina alat atawa seni ngagunakeun alat. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta téhnik ulikan pustaka jeung analisis data.

1. Téhnik ulikan pustaka digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar téoritis anu aya patalina jeung ulikan struktur carpon, hususna carpon dina buku kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata.

2. Téhnik analisis data digunakeun pikeun nganalisis sruktur carita anu ngawengku téma, palaku jeung watek palaku, galur, latar, puseur sawangan, jeung amanat. Anu aya dina buku kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata.

Unggal carpon dianalisis hiji-hiji ku cara dikumpulkeun, diteuleuman, jeung dipesék, nepi ka kapanggih ajén moralna.

3.2 Instrumén Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun sistem tabél atawa sistem tabulasi pikeun nganalisis ajén-ajén moral anu aya dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata. Tujuanna nya éta sangkan gampang dina nganalisis data, sarta gampang nyieun kacindekanna, sabab dina éta tabél bakal katitén hal-hal naon waé anu boga ajén moral.

Dina ieu panalungtikan aya lima tabél analisis anu digunakeun. Tabél kahiji eusina ngeunaan galur, latar, jeung puser sawangan dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata, tabél kadua eusina ngeunaan ajén moral dumasar kana téma jeung amanat dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata, tabél katilu eusina ngeunaan ajén moral dumasar palaku dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata, tabél kaopat eusina ngeunaan frékuénsi jeung perséntasi ajén moral dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata, tabél anu kalima eusina ngeunaan struktur jeung ajén moral pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca.

Ieu di handap tabél-tabél anu dimaksud.

Tabél 3.1
Galur, Latar, jeung Puseur Sawangan dina Kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot*
Karya Karna Yudibrata

No.	Kode Carpon	Galur	Latar			Puseur Sawangan
			Tempat	Waktu	Suasana	
(01)	(02)	(03)	(04)	(05)	(06)	(07)
?						

Tabél 3.2
Ajén Moral Dumasar kana Téma jeung Amanat dina Kumpulan Carpon
***Kanyaah Kolot* Karya Karna Yudibrata**

No	Kode Carpon	Téma jeung Amanat		Kaca
1	01	Téma	Amanat	
?				

Pikeun nangtukeun perséntase tina struktur carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata dumasar kana téma jeung amanat carpon saperti anu katitén dina tabél di luhur, bisa kapaluruh kalawan ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah Indikator}}{\text{Téma jeung Amanat}} \times 100$$

Tabél 3.3
Ajén Moral Dumasar kana Palaku dina Kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot*
Karya Karna Yudibrata

No.	Kode Carpon	Palaku		Ajén Moral					Kaca	
		Ngaran	Watek	+	-	H	V	E		I
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)
?										

Katerangan: + = Indikator Positif
 - = Indikator Néгатif
 H = Indikator Horisontal
 V = Indikator Vertikal
 E = Indikator Éksplisit
 I = Indikator Implisit

Pikeun nangtukeun perséntase tina indikator anu dumasar kana palaku carpon saperti anu katitén dina tabél di luhur, bisa kapaluruh kalawan ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah Indikator}}{\text{Jumlah Nomer}} \times 100$$

Tabél 3.4
Frékuénsi jeung Perséntase Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot*
Karya Karna Yudibrata

No	Ajén Moral dina Struktur Carpon	F	%
(1)	(2)	(3)	(4)
?			

Kateranagan: F= Frékuénsi

% = Persentase

Pikeun meunangkeun jumlah perséntase tina frékuénsi ajén moral dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* anu katitén dina tabél, bisa kaparuruh kalawan ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah Indikator}}{\text{Jumlah Frékuénsi}} \times 100$$

Tabél 3.5
Struktur jeung Ajén Moral Luyu jeung Teu Luyu pikeun Bahan Pangajaran
Maca di SMP Kelas VII

No	Kodeu Carpon	Struktur	Alasan		Kaca
			Luyu	Teu luyu	
(01)	(02)	(03)	(04)	(05)	(06)
?					

Pikeun meunangkeun struktur jeung ajén moral luyu jeung teu luyuna pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP kelas VII, anu ngawengku téma jeung amanat dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata baris ngagunakeun ieu tabél.

3.3. Sumber Data Panalungtikan

3.3.1 Déskripsi Kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot*

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta sakabéh carpon dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata, anu diterbitkeun ku Rahmat Cijulang taun 1985. Warna dasar jilidna hideung jeung biru, aya gambar jelema tiluan budak jeung kolotna, kandelna 152 kaca, di jerona aya daptar eusi jeung buku-buku anu di kaluarkeun ku Rahmat Cijulang.



Gambar 3.1 Jilid *Kanyaah Kolot*

Jumlah judul dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata kabéhna aya dalapan judul, nya éta: (1) *Jang Oman*, (2) *Kanyaah Kolot*, (3) *Néng Yaya Gering Tipés*, (4) *Jurig Bungkeuleukan*, (5) *Buah Limus Murag ku Angin*, (6) *Nganti Dawuh*, (7) *Kanyaah*, jeung (8) *Naib Cidahu*.

3.3.2 Riwayat Hirup Karna Yudibrata



Karna Yudibrata dilahirkeun di Désa Tambaksari, Rancah, Ciamis, tanggal 17 September 1936. Sarjana Pendidikan IKIP Bandung jurusan Bahasa dan Sastra Indonesia, cekel gawé jadi dosén tetep di jurusan Bahasa jeung Sastra Sunda (kiwari Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah), FKSS (FPBS) IKIP Bandung méré kuliah Linguistik. Kungsi jadi Sekretaris, tuluy jadi Ketua Jurusan Bahasa Sastra Sunda, ketua Biro Olahraga, Kesenian jeung Pramuka IKIP Bandung.

Kungsi ogé jadi Sekertaris Dewan Pertimbangan kebudayaan (nu robah jadi Dewan Kebudayaan) Propinsi Daerah Tingkat 1 Jawa Barat. Kungsi milu ulubiung ngadegkeun Akademik Seni Tari Indonesia (ASTI) Bandung, sarta jadi ketua/direktur éta sakola anu munggaran (1970 nepi ka taun 1979). Dina taun 1980 meunang pancen tugas diajar di Fakultas Pasca Sarjana IKIP Malang, Program S3 spesialisasi widang studi: pendidikan Bahasa.

Dina taun 1984, Karna diangkat jadi Sekretaris Lembaga Pengabdian pada Masyarakat (LPM) ngarangkep jadi Anggota Sénat Institut Keguruan dan ilmu Pendidikan Bandung.

Mimiti resep kurung-karang ti waktu keur di SGA kénéh, ngan ari nulis sajak, éséy, jeung carita pondok mah kakara mitembeyan dina taun 1965. Tulisan-tulisanana bisa kabaca dina *Sipatahunan, Warga, Manglé, Kalawarta, LBSS, Mingguan Sunda, Baranangsiang, Sangkuriang, Hanjuang, Sari, Langensari, jeung Wangsit.*

Dina taun 1966, Karna kacatet jadi salah saurang pangurus Paguyuban Pangarang Sastra Sunda (PP-SS) Osok ogé nulis rumpaka lagu: saperti anu dibukukeun ku Nano S. dina *Haleuang Tandang.*

Tulisan-tulisan lianna mangrupa bahasan, éséy, jeung hasil panalungtikan ngeunaan pendidikan, basa, jeung seni.

3.3.3 Ringkesan Kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot*

Dumasar kana Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta sakabéh carpon dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata, jumlah éta carpon téh aya dalapan judul. Kadalapan judul carpon dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata téh baris diringkes ieu di handap.

1) Jang Oman

Jang Oman téh budakna Pa Ulis (Abdullah) jeung Ma Ulis anu kalima. Sakolana di SMA nu aya di Bandung, geus katujuh taun ieu da taun kamari kungsi teu naék. Geus sabelas kali pindah tempat, mimiti indekos, tuluy di asrama, teu sugema di asrama, tuluy indekos deui. Ayeuna diajar ngaliwet bari nyéwa kamar sabulanna dua rébu. Bulan ieu geus teu bogaeun bekel, untung kasampeur ku peré. Manéhan balik ka lembur sanggeus ngeusian absén poé éta.

Barang datang ka imah Jang Oman di bagéakeun pisan ku Pa Ulis, komo ku Mimin mah adina Jang Oman anu masih kénéh sakola dasar. Barang Jang Oman datang, Ma Ulis keur ngadekul ngaputan baju sakola Mimin. Ma Ulis ngarasa héran padah Oman geus balik deui.

Oman ukur ngeluk, barang digelendut ku Ma Ulis jeung Pa Ulis. Pa Ulis kabita ku kalintuhan anakna, sakabéh awak Oman teu leupas tina paneuteup Pa Ulis. Barang paneuteupna museur, Pa Ulis kacida reuwasna barang ningali calana Jang Oman aya tapak nisik. Barang di tanya, singhoréng Oman téh kungsi labuh waktu boncéngan jeung babaturanna.

Harita Oman ngariung ukur meunang sapeuting, kadituna mah Oman sok anjang-anjangan ka dulur-dulurna. Nepi ka Pa Ulis ogé kudu milu udar-ider milu mapay. Soré peuting ka opatna Oman bébéja rék balik deui ka Bandung ka adina, tapi teu bogaeun ongkos. Barang nyaho béja Oaman rék balik Ma Ulis kacida reuwaseunna sabab can sasadiaan. Peutingna Ma Ulis jeung Mimin adi Jang Oman méh teu saré lantaran guranggoréng, bubungkus, Mais lauk, nyieun kupat pibekeleun Oman.

Isukna Oman dianteurkeun ku Pa Ulis ka stanplat. Barang Oman naék mobil, Pa Ulis kacida sedihna. Teu kungsilila mobil maju, Pa Ulis gugupay bari leumpang bangun nu hayang milu. Mobil geus leungit tina paningali, léos Pa Ulis balik muru ka kebon rék ngajual kalapa. Barang anjog ka kebon kalapa. Pa Ulis tuluy nitah naék ka nu purah biasana ngala éta kalapa. Teu kungsilila nu dititah turun bari ngalaporkeun yén kalapana geus aya nu ngala.

Pa Ulis kacida reuwasna, tuluy nananyakeun ka unggal bandar kalapa. Tétéla sangkaan Pa Ulis teu nyalahan, kalapana geus di ala ku Sanroip. Barang dinaha-naha bet di beuli. Sanroip nyaritakeun pajar keun téh titahan bapa, kitu jawab Sanroip harita. Barang ditanyakeun saha nu ngajualna, Pa Ulis buru-buru ngaléos bari ngomong Nuhun Gutsi, anak abdi teu ngala kalapa batur!”

2) Kanyaah Kolot

Pa Wianta jeung Ma Isah, nu keur nyakolakeun anakna nu di SMA Bandung. Pa Wianta geus ngarasa bingung dina nyanghareupan anakna anu hésé nurut. Sok sanajan kitu ari kanyaah mah tetep nyantél dina ati Pa Wianta. Barang maca surat pangirim anakna Pa Wianta ngarsa bingung lantaran anakna kudu geus dikirim deui duit. Pagéto Pa Wianta ngabogaan niat rék ngalongok anakna di Bandung. Di Bandungna di Jl. Dr. Setyabudi, ari cicingna di Mang Uka jeung Bi Imi bubuhan batur salembur jeung ari anu utamana mah masih kénéh dulur sabrayna kénéh, nu ngumbara ka Bandung geus kana lima belas taunna.

Pa Wianta maksakeun ngalongok anakna, barang tepi Pa Wianta kacida di bagéakeun ku Mang Uka jeung Bi Imi. Barang Mang Uka nanya keun Udi, Pa Wianta kacida reuwasna. Lantaran panyangka Pa Wianta mah Udi aya di Mang Uka. Kitu deui panyangka Mang Uka jeung Bi Imi yén Udi téh balik ka lembur. Sabab harita Udi bébéja rék balik ka lembur. Pa Wianta, Mang Uka jeung Bi Imi jadi bingung mikiran dimana ayana Udi. Pa Wianta ngumaha ka Mang Uka, Mang Uka teu bisa ku maha lantaran teu nyaho dimana ayana Udi. Kaayaan geus burit, Pa

Wianta kacida hariwangna sok sieun Udi kumaonam. Peutingna Pa Wianta teu bisa saré soksanajan dipeureum-peureum angger gulinggasahan inget waé ka Udi.

Isukna Pa Wianta dianteur ku Mang Uka ka sakola pikeun nanyakeun Udi naha sakola atawa henteu. Barang ditanyakeun ka guru nu keur ngajar poé éta tétéla Udi téh dina kateranganna gering, malah éta kateranga tén meunang wali murid. Tapi Mang Uka teu rumasa nyieun éta surat. Pa Winata jeung Mang Uka ngobrol jeung kepala sekolah ngeunaan Udi di éta sakola. Barang nyaho yén kalakuan Udi kawas kitu Pa Wianta kacida ambekkeunna.

Teu kungsi lila Pa Wianta jeung Mang Uka balik, di imah kasampak Udi geus aya, ngan Bi Imi keur ka pasar. Barang ditanya geus ti mana Udi nyarita geus ti sakola, teu nyahoeun yén Pa Wianta jeung Mang Udi geus ti sakola. Udi digelendut, Udi ukur ngeluk teu némbal. Teu kungsi lila jol Bi Imi datang jeung Sukarya. Bi Imi kacida bungahna barang Udi geus nyampak aya di imah. Barang Sukarya nyaritaekun maksud jeung tujuanna. Singhoréng Udi téh geus ti Puncak, jeung kungsi nginjeum duit pajarkeun téh titahan Mang Uka. Teu loba carita Mang Uka tuluy ngagantian bari sanuk-sanuk ménta dihampura lantaran telat dina ngabalikeunna.

Balik sémah Udi beuki ngeluk pada ngarentog, kakeuheul jeung ka ambek Pa Wianta, Mang Uka, jeung Bi Imi dibudalkeun. Lila Udi di gendut kusiwel Pa Wianta nyokot duit bari sok dibikeun ka Udi.

3) Néng Yaya Gering Tipes

Bi Imi jeung Mang Endang kacida bingungna basa ningali nu jadi anak teu bisa dikutukieu ngabaleng baé. Kaayaan tengah imah pinuh ku baraya-barayana, ku tatangga-tatangana, peuting harita taya saurang anu saré, lian ti barudak leutik. Kabéh nyararing bari barabacaan. Aya nu ngaji Yasin meunang sababaraha balik, aya nu maca Fatihah, Al Ikhlas, jeung Falak Binnas mangpuluh-puluh balikan. Malah Uana mah mapatkeun jangjawokan sagala! Teuing parancah kétah, da teupati sidik, ngan basa Arab pagalo jeung basa Jawa direumbay ku basa Sunda buhun!.

Meunang saminggu nu gering digarugulung kitu baé di imah. Kasakitna dengdeng baé, teu maju-maju, taya mendingna, kalah ngabaleng siga nu mulan, teu beunang ditanya-tanya!

Poé Minggu, sanggeusna meunang telegram, dibéjaan yén adina, Yaya Rohaya gering payah! Lanceukna méré saran sangkan isukan poé Senen dibawa ka rumah sakit. Sanggeus Yaya di rumah sakit nu lilana genep poé, lanceukna bébéja rék mulang deui ka tempat digawéna di Ciamis. Nugering nyanggir melong beungeut lanceukna, embung ditinggalkeun.

Nu gering mimiti aya cénghar-cénghar! Tinggal jag-jagna, tapi hasil laboratorium tipesna masih kénéh aya. Tapi barang Uana Yaya nyoho pédah Yaya di bawa ka rumah sakit nganaha-naha ka Bi Imi jeung Mang Endang. Pajarkeun téh éta mah lain ubareun dokter! Nu gering dititah dibawa balik, sok sanajan ku dokter can di ijinan. Lantaran Bi Imi jeung Mang Endang maksa, dokter teu bisa ku maha.

Barang datang, nu gering pada ngalayad, pada nanya, nu antukna nu kuduna istirahat téh malah teu saré-saré acan nepi ka peuting. Isukna kira-kira jam salapan, kasakit Yaya karasa deui. Badanana panas puguh nyongkab, kanceuh! Kateuhak ku nu ngalayad jeung ku mamayu. Tipes nu can cageur, kadupak ku tambarakan sagala kudu didahar. Geus sapuluh poé nu gering balik ti rumah sakit. Kanceuhna tambah poé wuwuh ripuh. Barang keur kitu aya nu pupuntenan. Singhoréng MangWijatma. Atuh Bi Imi jeung Mang Endang kacida bungahna. Mang Wijatma tuluy dipénta tulung. Budakna nu milu disambat ku Bi Imi. Jemprak Mang Wijatma sila mendeko, tuluy ménta dipangnyadiakeun parukuyan. Tuluy Mang Wijatma kumat-kamit, bari méré papatah jeung sarat nu kudu di cumponan sangkan néng Yaya téréh cageur.

4) Jurig Bungkeuleukan

Kocapkeun hiji waktu guru Suhéendar, salaku panitia sandiwara PGRI Désa Sari anu judulna Rahasia Nu Goréng Patut. Guru Suhéendar ménta bongbolongan ka Mang Murnasan salaku jalma nu dikolotkeun di Desa Sari. Mang Murnasan nyaréng guru Suhéendar sangkan tong ngayakeun raraméan di éta tempat, ari nu jadi lantaran Mang Murnasan kasiéunan bisi aya hal-hal anu teu dipikaharep. Guru Suhéendar angger maksa, ari nu ngalantarankeun geus nyebarna béja kamana-mana jeung geus sasadiaan, salian ti éta piraku da ngayakeun éta kagiatan téh pikeun ngawangun sakola anu can anggeus. Pikir guru Suhéendar piraku ganggu da keur anak icu, buyutna kénéh. Mang Murnasan angger nyaréng teu nyatujaun pikeun ngayakeun

raraméan di éta tempat, guru Suhéendar angger maksa. Nu antukna dikumadinyakeun, dikarepkeun. Karcis geus payu, nu lalajo juljo ti unggal lembur.

Jam salapan kurang saeutik, lalakon Rahasia nu Goréng Patut, karék der dimimitian. Nu lalajo panénjona tamplok kabéh ka panggung. Pada-pada hayang nyaho kagoréngan Karnadi jeung kageulisan Euis Awang nu keur jadi béntang panggung Desa Sari. Sajeroning maén guru Suhéendar mah haténa teuweléh tagiwur, inget waé ka omongan Mang Murnasan. Nu lalajo jempling, ngabandingan carita Karnadi nu hayang ngajodo ka Euis Awang. Karnadi kacida keyengna hayang ngahiji jeung Euis Awang téh nepi ka arék ngalakukeun akal bulusna nu penting laksana sapaneja. Barang Karnadi rék jung pisan na, ana jéréwét téh ti juru panggung belah wétan aya nu ngocéak. Nu ngocéak tuluy ngayékyék, jéjérétéan bari tulung-tolongan.

5) Buah Limus Murag ku Angin

Sudira nu ka béh dieunakeun jarang kaluar, campur gaul jeung nu séjén. Lantaran Sudira ngarasa éra jeung wirang, kulantaran keur nandangan ka prihatinan nu keur karandapan ku manéhna sakulawarga. Tapi, Sudira teu ngabéjakeun keur ka prihatinan naon. Abas nu kabeneran harita keur nganjang ka Sudira, ngarasa panasaran kana pasualan nu keur karandapan ku Sudira. Abas terus nereksel kana pasualan nu keur karandapan ku Sudira. Nu antukna Sudira nyaritakeun pasualanna.

Sudira nyaritakeun yén manéhna téh boga tangka limus, nu unggal taun sok lebeut buahna. Hiji waktu aya hujan di barengan ku angin. Éta buah limus téh murag ku angin, pas pisan ninggang imah tatanggana. Suparya ngarasa teu ngeunah imahna

ruksak ka tinggang buah limus nepi ka kenténgna peupeus. Suparya ngomong kamana daék jeung pamajikanna. Atuh Sudira nu tadina narimakeun salah gé jadi keuheul ku omongan Suparya nu balukarna paréréa omong.

Suparya nu ngarasa teu suka imahna ruksa laporan ka RT. Sudira dipanggil ka imah RT. Sudira nyaritakeun perkara nu ngalantarakeun manéhna paréréa omong. Saenggeus ngadéng perkarana RT méré putusan sangkan Sudira nutuh tangkal limus nu ngaroyom ka imah Suparya. Sudira narima putusan RT, ari Suparya teu narima, angger tangkal limus Sudira kudu di tuar. Atuh Sudira gé nu tadina narima putusan RT téh jadi teu ngeunah. Nepi ka Sudira dilaporkleun deui ka RK. Ku RK Sudira dipanggil, sarua kaputusan RT jeung RK teu jauh ngan bédana mun RT nitah ditutuhan RK mah nitah di tuar.

6) Nganti Dawuh

Nonéng angger nolak, ari anu jadi alatan geus kagok betah di kota, keur meumeujeuhna betah. Sok sanajan hirup jadi randa tapi ari anak kaparaban, ka sakolakeun, rumrah jeung batur kajeun jadi randa tibatan hirup rumah tangga tapi matak juwet kana pamikiran mah, awak-awak atuh lintuh.

Nu jadi bapa angger sabar, ngolo sangkan nu jadi anak daék cicing di lembur. Nyarita nepi ka écés yén manéhna hayang diurus ku anak, utamana anak awéwé. Antukna Nonéng éléh, léah nurut kanu jadi omaong kolot. Sok sanajan dina pikir jeung haténa mah angger teu betah. Kungsi éta gé kolotna rék dibawa ka kota. Rék diurus sangkan teu pajurawét, teu kudu bulak-balik. Tapi nu jadi kolot teu daék

utamana kolot awéwé indung Nonéng hayang paéh di imah nu ku manéhna di cicingan.

Abong anu kawasa, kawasa kana sagala rupana, taya saurang gé nu nyaho kana maksudna. Padahal mun ningali saréat mah nu gering parna téh indungna. Tapi nu dipungut ku nu kawasa bapa Nonéng. Disangka bakal indung Nonéng nu baris ninggal keun urang lembur.

Ti saprak bérés mulasara nu jadi bapa, panyakit indung beuki parna waé. Nonéng dipanggil ku Kuwu titah ka desa. Nonéng nedunan pamanggil Kuwu. Di désa kasampak Kang Sudira jeung Wirja anakna Sudira. Tétéla Kuwu téh kajurungan ku Sudira sangkan kolom tanah titingal bapana ménta di duakeun. Nonéng nolak, lantaran éta mah geus dibikeun ka Nonéng jeung deuih Kang Sudira téh pan geus di béré malah panglobana. Nonéng ngabéjakeun yén éta amanat bapana baheula, malah saksina ogé aya kia jeung ustad. Tapi Sudira, Wirja jeung Kuwu angger maksa nu antukna paréréa omong. Léos Nonéng ninggal keun nu ti luan. Nonéng balik muru indungna, dijalan Nonéng ngarasa disapélékeun ku Kuwu padah ka pangawakan awéwé.

Indungna Nonéng omat-omatan sangkan tetep mertahankeun. Ka sakit indung Nonéng beuki parna malah geus teu bisa naon-naon pisan. Komo waktu harita sora ucing sing araong, Nonéng nu tadina ludeung ngéndongan sorangan gé jadi ménta dibaturan ka tatanggana nu daékeun. Mang Oyo jeung Bi Murkilah maturan. Mang Oyo mangmacakeun Yasin meunang sababaraha balikan, Bi Murkila babacaan

sabisabisa. Hawa beuki keueung. Teu kungsi lila jol Kang Sudira. Kawasna teu balik heula ka imah sanggeus ti balédésa tadi.

7) Kanyaah

Kuring gawé téh di Pamaréntahan, lain karék sataun dua taun, tapi geus aya kana welas taunna. Ngan beuki lila digawé téh karasa beuki nyucud, cukul ku kasusah! Karipuh beuki meweu, di gawé sasat taya hancana, teu cukup keur dahar-dahar acan. Ceuk itungan lain duméh ku leutik-leutik teuing pangala, da kungsi naék pangkat tilu kali, teu ka itung berkalana. Dalapan belas taun di gawé, taya ka mahian. Anak geus boga opat, nu panggedéna taun ieu kaluar ti SMA, nu pangleutikna taun hareup geus meujeuhna disakolakeun deui. Geus puguh nu panengah jeung pangais bungsu mah keur meujeuhna loba péntaeun. Ray poé hirup taya robahna, loba kahayang jeung paménta budak nu teu ka gugu. Tong boroning keur ngagugu ku kitu té mah keur dahar gé pan susah hésé. Malah kuring mah geus aya kana poéna peujit teu patepung jeung sangan, kitu deui jeung indung barudak, nu penting mah budak ulah nepi ka pegat. Ngadéngé ucapan nu jadi pamajikan ngan saukur kanyaah nu beuki gedé. Rumasa kuring teu bisa nyumponan pangabutuh hirup kawas batur, tapi sok sanajan kitu kuring bungah, boga pamajikan nu sabar, narima pangala salaki nu ngan sakitu buktina. Hal éta nu méré sumanget, nepi ka kuring masih kénéh bisa hirup. Suga isuk, sugan engké, dipanggihkeun jeung rijki.

Karipuh beuki meweu, budak nu pang leutikna awakna nyongkab panas. Tayohna gering budak téh. Kuring gé ngarti kuduna budak téh dibawa ka mantri

suntik. Tapi pan kumaha keur dahar ogé susah. Kuring tadina mah mahing pisan kana unjak-anjuk! Bakuna sok asa karampogan dina waktu mayarna. Lila-lila éta pantrangan téh lééh, malah geus wani ngagerentes: “mayarna mah kumaha engké” Najan peta nganjuk hutang téh kurang hadé, tapi batan ngalungsar atawa kudu maling mah, mending ngarempak pahingan sorangan, da diwenangkeun ieu. Pokona mah najan beurat sok dapon halal.

Nya éta atuh bet dikadarkeun hirup di jaman kieu, abong ka dunya téh lain kahayang paménta sorangan. Éta mah haté bet maké ngahelas basa kuring kapaksa ku taya deui gilireun, morosotkeun ali; mangkaning aya ngaran kuring jeung Asih indung barudak. Cincin kawin gé nipi ka kudu kajual. Dikadarkeun deui baé kudu papisah jeung nu kudu dipikanyaah, kudu papisah jeung lambang puncak ka sugemaan waktu kuring papangantén. Beulit cingir simpay ati, ayeuna ngan kari waasna.

Kuring pohara kagétna barang nempo aya lalaki kaluar ti panto tukang, panto dapur imah kuring. Barang disidik-sidik asa wawuh kana gidigna. Jeung naha maké jalan tukang? Jeung naha Asih teu katempo ngajajapkeun nepi ka panto? Meg, meg haté curiga. Rasa kacuriga sajorélat kalindih ku panyangka nu lain-lain ka budak kuring nu gering. Èh boa-boa!. Poé éta ngahaja kuring balik méméh waktuna bubar ka kantor, lantaran inget di imah boga nu gering, mangka geus teu seueur béas. Kuring harita balik mawa béas satengah kilo, sampeu sakilo jeung lauk asin saparapat kilo. Lain lauk asin bangsa peda, ieu mah pedah asin baé disebut asin sotéh, da buktina mah piraning teri.

8) Naib Cidahu

Mimiti kajadian téh waktu imah di tinggalkeun ku saréréa. Indung barudak indit ti heula. Malah barudak mah geus keding darangdan ti magrib kénéh. Péda éta mereun aya lalajoaneun. Pan harita téh aya drama sagala, malah barudak mah geus apaleun sagala judul na ogé, jeung pasti cenah bakal ramé.

Basa Ua ngoncikeun panto, anéh haté bet sumoréang, melang ka imah. Sanggeus meunang lima genep léngkah, Ua maké bet balik deui, ngayakinkeun panto ngonci henteuna. Panasaran krukna digutek-gutek. Sidik pageuh! Teu sumoréang deui kencling Ua indit muru tablég akbar di alun-alun. Jalma geus heurin usik. Nu méré da'wah pepeta bangun nu sumanget pisan. Mubalégna aya tiluan.

Jam satengah satu peuting tablég karék bubar, bubuhan tablég kasambung ku drama. Cacakan mun drama diheulakeun mah jigana loba nu balik méméh tablég tamat.

Geus dua jumaah, indung barudak teu milu bandung kuping cara sasari di masigit. Kawasna, raheutna nyanyautan kénéh. Samping genep jeung kabaya paranti gunta-ganti maké mun ka masjid, ludes aya nu maling.

Barang rék balik tas jum'atan, Naib ujug-ujug noél taktak. Tétéla manéhna apaleun yén kuring keur meunang musibah. Harita Naib méré fatwa, malah nu matak nyeri kana haté mah éta bet teu nyangka Naib téh nuding pajarkeun, kapalingan téh pédah tara dijakatan.

Saminggu ti harita, aya deui muludan di kacamatan. Unggal umpi dikerid peuti. Kudu milu bandung kuping. Sarta saha-saha nu teu milu indit keuna ku pangancam

jeung panuding anti agama. Cenah harita Ua katotol mumul tolabul ilmi, embung campur gaul jeung nu ariman, nepi kakudu katulah, dituding majar samiuk jeung gerpol. Ah, keun waé da hanteu ieuh! Jero pikir kuring ngagerentes, asal ulah enya kitu.

Isuk peuting tos tablég, salelembur gujur, majar bapa Naib nu peuting tos méré fatwa sangkan unggal jalma balener, daraék ibadah, daraék silih tulungan; gancang ninggalkeun laku lampah nu teu bener, kapalingan peuting éta pisan. Puguh waé asa ditincak hulu, sakitu awong-awongana bari tutunjuk jeung pepeta. Padahal mun seug dilenyepan mah, jalma-jalma nu daratang harita geus boga niat nu bener.

Jorojoy haté hayang nepungan, itung-itung nyanggakeun panglayad. Karérét beungeut Pa Naib ngadak-ngadak jadi asak, beureum ngageunteul; teuing perbawa ambek teuing bakat ku éra. Meunang sawatara poé lilana Naib Cidahu, bangun nguyung nguluwut kusut pikiranna.

Poé minggu harita téh, di juru alun-alun aya nu ngajerit. Jalma ngagimbung, sawatara aya nu lumpat, sawatara deui aya nu nungkupan beungeut bangun nu teu wasa nempona. Béja pabéja-béja leuwih cepet batan télégram jaman kiwari. Béja pajar Pa Naib katabrak treuk waktu turun tina angkot balik ti kota Bandung, maot sapada harita geus ngagenjleungkeun salembur.

3.4 Wangenan Operasional

- 1) Struktur dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata anu dimaksud dina ieu panalungtikan téh nya éta struktur anu ngawengku téma, palaku jeung watek palaku, galur, latar, puseur sawangan, jeung amanat dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata.
- 2) Ajén moral dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata anu dimaksud dina ieu panalungtikan téh nya éta ajén ngeunaan kualitas tingkah laku manusa anu ngawengku ajén anu positif (+), négatif (-), horisontal, jeung vértikal anu aya dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata, boh anu nembrak boh anu nyamuni.
- 3) Bahan pangajaran maca di SMP kelas VII anu dimaksud dina ieu panalungtikan téh nya éta hasil analisis struktur jeung ajén moral dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata anu dijadikeun bahan pangajaran maca di SMP kelas VII.
- 4)

3.5 Léngkah-léngkah Panalungtikan

3.5.1 Tahap Tatahar

Aya sababaraha léngkah anu dilakukeun dina tahap tatahar, nya éta:

- 1) néangan buku anu aya patalina jeung bahasan anu ditalungtik;
- 2) ngajuken judul jeung proposal panalungtikan;
- 3) ngayakeun talaah pustaka pikeun menangkeun data; jeung
- 4) konsultasi ku cara ngagarap skripsi ka dosen pangaping.

3.5.2 Tahap Ngumpulkeun Data

Tahap dina ngumpulkeun data dilakukeun ku cara studi dokuméntasi, ngumpulkeun bahan-bahan anu aya patalina jeung panalungtikan.

3.5.3 Tahap Ngolah Data

Kagiatan anu dilakukeun dina ngolah data, nya éta:

- 1) ngadéskripsikeun kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata;
- 2) ngadéskripsikeun struktur carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata;
- 3) nganalisis ajén moral nu aya dina kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata; jeung
- 4) matalikeun antara struktur carpon jeung ajén moral kana bahan pangajaran di SMP/MTs nu disaluyukeun kana SKKD nu aya.